



Pou Piblikasyon Imedya: 14/09/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE VIL ROME LAN KÒM GAYAN 10 MILYON DOLA
NAN MOHAWK VALLEY LA NAN KAD DEZYÈM FAZ INISYATIV
REVITALIZASYON SANT VIL LA**

***Eta a ap Kolabore ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mohawk Valley la
pou Revitalize Sant Vil Rome lan***

***Sa fè pati Apwòch Global Gouvènè a genyen pou l Transfòme Kominote yo pou
yo Vin Tounen Katye Dinamik epi Ranfòse Ekonomi Lakal la***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Vil Rome lan pral resevwa 10 milyon dola nan finansman ak envestisman kòm gayan Mohawk Valley la nan kad dezyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la (Downtown Revitalization Initiative, DRI). Menm jan ak premye faz DRI la, yo pral chwazi yon minisipalite nan chak nan 10 rejyon devlopman ekonomik eta a kòm gayan 10 milyon dola, sa k ap make yon lòt objektif jeneral eta genyen pou l sible 100 milyon dola nan finansman ak envestisman pou ede kominote yo idantifye pwojè katalizè nan sant vil la a yo pou yo ranfòse ekonomi lokal la.

“Investisman sa a se dènye etap nan efò estratejik nou ap fè pou n ede ekonomi rejyon Mohawk Valley a devlope ak pwospere”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la angaje kominote lokal yo epi kreye nouvel opòtinite pou kwasans pou yo ka atire biznis ak jèn yo epi ede sant vil atravè tout New York yo fleri.”

Investisman sible ki te fèt pandan deseni ki sot pase a la nan konsepsyon anviwonmantal, amenajman, destinasyon touristik, inovasyon antreprenaryal, ak opsyon transpò yo te prepare Rome pou DRI li resevwa la. Lè yo te konsidere uit kritè pi ba la yo, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mohawk Valley a (Mohawk Valley Regional Economic Development Council) te revize pwopozisyon Rome te prezante pou revitalizasyon sant vil li a, ansanm ak lòt pwopozisyon lòt kominote nan rejyon Mohawk Valley k ap patisipe yo te fè yo, avan yo te rekòmande pou nonmen Rome kòm chwa gayan.

- Anba lavil lan ta dwe konpak, ak limitasyon ki byen defini;

- Minisipalite an, oswa zòn kaptaj anba lavil lan, tra dwe gen yon dimansyon ki sifizan pou kapab sipòte yon anba lavil dinamik pandan tout ane an.
- Anba lavil la ka kapitalize sou investisman prive ak piblik fiti oswa anvan yo ki nan vwazinaj la ak zòn ki alantou yo;
- Ta dwe gen yon ogmantasyon nan kantite pòs travay resan oswa ki iminan, oswa ki tou pre anba lavil la ki ka atire travayè yo nan anba lavil, sipòte redevlopman epi fè kwasans dirab;
- Anba lavil la dwe se yon kominote ki vivab epi atiran pou divès popilasyon tout laj yo, ki enkli abitan aktyèl, travayè ki talantye ak milenyè yo.
- Minisipalite an ta dwe deja ap resevwa oswa posede kapasite pou kreye epi reyalize politik yo ki ap ogmante vivabilite ak kalite lavi, ki enkli itilizasyon bank tèren lokal yo, kòd repatisyon zòn modèn yo ak estanda pakin yo, konplete plan lari yo, pwojè efikasite enèjetik yo, travay vèt yo, ak devlopman ki oryante nan transpò;
- Minisipalite an ta dwe mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi elaji ki ap abouti an yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ ki kapab enkli nan yon plan investisman estratejik DRI; epi
- Minisipalite an te idantifye pwojè transfòmatif yo ki pral pare pou reyalizasyon ak yon enfizyon finansman DRI yo nan premye nan de ane yo.

Viktwa Rome lan nan kad dezyèm faz DRI la bal dwa pou l resevwa 10 milyon dola nan finansman ak investisman eta pou l revitalize katye nan sant vil li yo epi kreye kwasans alontèm. Kounye a Rome ap rejwenn Vil Oneonta a ki te gayan premye faz DRI la nan Rejyon Mohawk Valley a.

Rome

Zòn sibile nan sant vil la pou yo fè investisman Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil nan Vil Rome lan gen anpil atou komèsyal, kiltirèl, transpò, ak lwazi k ap sipòte yon kote dinamik moun ka mache anndan vil la. Pwojè katalitik DRI pral mete sou pye yo pral lakoz plis kwasans djòb nan sektè manifakti avanse, sibè teknoloji, sistèm telegide, ak manifakti pwodwi alimantè ak bwason atizanal ki deja ap transfòme rejyon an yo.

Vil la gen plan pou li plis devlope ak enspire inovasyon, fasilite rapatriman rezidansyèl, pwomouvwa biznis ki baze sou atizay yo, ankouraje transpò altènatif, epi selebre divèsite. Avèk bourad DRI ap bay la, Rome pral founi ekosistèm ki nesèsè pou atire ak kenbe jèn pwofesyonèl yo ak fanmi yo pou yo rete la.

Kounye a, Rome pral kòmanse pwosesis devlopman yon Plan Investisman Estratejik (Strategic Investment Plan) pou revitalize sant vil li a avèk jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon k ap soti nan 10 milyon dola sibvansyon DRI la. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo,

lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Envestisman Estratejik pou sant vil Rome lan pral egzamine atou ak opòtinite ki gen onivo lokal yo, epi idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè yo ki aliye ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon sant vil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye.

Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul, te deklare, “Atou komèsyal, kiltirèl, ak transpò Vil Rome lan gen deja yo gen matirite pou kreye yon zòn sant vil dinamik kote moun ka mache. Antanke gayan dezyèm faz prim Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil nan Mohawk Valley a, Rome pral plis devlope espas sant vil li an, enspire inovasyon, ogmante kapasite pou moun viv la, pwomouvwa biznis ki baze sou atizay yo epi ankouraje transpò altènatif.”

Prezidan, PDG ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zensky, te deklare, “Plan gayan Rome lan pral ajoute sou investisman ki te fèt resaman yo ki mete vil la nan pwen pou l transfòme a. Plan konsantre sou kominote a epi li akse onivo lokal, epi li rekòmande investisman piblik-prive estratejik - epi faktè sa yo te ede Vil Rome lan vin gayan 10 milyon dola pou revitalize kominote yo a”.

Rossana Rosado, ki se Sekretè Eta nan New York, te deklare, “Finansman Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la pral ede anime sant Vil Rome lan, sa k ap ofri opòtinite pou kreyasyon djòb ak kwasans ekonomik, pandan l ap rann zòn lan pi vivab pou kenbe rezidan ki la deja yo epi atire nouvo rezidan tou. Depatman Eta a (Department of State) pral kontinye travay depre avèk minisipalite toupatou atravè Eta New York la yo pou ede yo devlope kominote yo, ki gen ladan sila yo ki nan sant vil yo”.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kominote ak Kay yo nan Eta New York (NYS Homes and Community Renewal), te deklare, “Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil Gouvènè Cuomo a ap ede soufle yon nouvel vi epi pote nouvel opòtinite pou vil tankou Rome lan yo, sa k ap mete yon sou chemen pwosperite. Envestisman 10 milyon dola sa a fè pati yon objektif estratejik pou eksplwate atou ekstraòdinè sant vil atravè eta a yo genyen yo – sa k ap ogmante aksè a lojman, kreyasyon djòb epi atire opòtinite kiltirèl ak lwazi, epi anrichi ak amelyore kalite lavi nan tout rejyon an nèt.”

Senatè Joseph A. Griffo te deklare, “Antanke yon ansyen majistra Rome, mwen konnen apati eksperyans pèsònèl defi ti vil atravè eta a yo ap konfwonte. Se poutèt sa a finansman esansyèl sa enpòtanl. Li pral ede Rome kontinye transfòme vin yon kominote dinamik epi ede revitalize vil la. Mwen apresye Gouvènè Cuomo paske l rekonèt enpòtans ki gen pou nou investi nan vil nan tankou Rome lan yo. Pwojè sa yo pral ede mete vil la nan yon pozisyon pou li gen yon avni briyan ak kaptivan epi li pral fèl vin yon pi bon kote pou rezidan, fanmi ak pwopriyetè biznis k ap travay di li a yo”.

Manm asanble Anthony Brindisi te deklare: “Sant Vil Rome lan te deja gen engredyan pou li vin yon eman pou atire moun ki vle travay, viv, ak elve fanmi yo nan yon zòn iben dinamik. Finansman sa a pral ede Vil la ak patnè li yo eksplwate atou sa yo, epi plis revitalize zòn sant vil la pou yo devlope bon kalite lojman, ankouraje nouvo konpayi pou yo investi nan zòn lan, epi atire plis vizitè. Mwen remèsye Gouvènè

Cuomo paske l ap devlope yon pwogram inik k ap pote nouvèl vi nan sant vil atravè New York yo. Mwen vle felisite Vil Rome lan tou paske yo te asanble yon aplikasyon gayan ki pral asire redevlopman reyisi li a kontinye nan ane kap vini an yo”.

Plan Investisman Estratejik pou Sant Vil Rome lan, ansanm ak plan lòt nèf gayan DRI yo te devlope a yo, pral gide investisman fon sibvansyon DRI la yo k ap fèt nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè vanse vizyon kominote a genyen pou sant vil li a epi ki ka rantabilize ak ajoute sou investisman 10 milyon dola eta a. Plan pou dezyèm faz DRI la yo pral fin konplete nan kòmansman ane 2018 la.

Kad Egzekitif Konte Oneida, Anthony J. Picente, Jr., te deklare, “An kolaborasyon ak biznis, lidè sivik ak akademik yo ak sipò inebnanlab Gouvènè Cuomo ak eta a, nou ap obzève chanjman pozitif ak yon relansman dramatik nan ekonomi Konte Oneida. Soti nan konstriksyon otowout vèt Griffis Veterans Memorial Parkway a rive nan nouvo biznis nou ap atire vin nan QUAD-C yo, Gouvènè a kontinye sipòte kreyasyon djòb atravè tout rejyon Mohawk Valley a. Nouvo finansman sa a pral pote revitalizasyon Vil Rome lan nan yon lòt nivo, epi mwen aplodi Gouvènè Cuomo ak tout moun ki te rann investisman sa posib”.

Majistra Vil Rome lan Jacqueline M. Izzo, te di, “Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske l rekonèt potansyèl ki gen isit la nan rejyon Mohawk Valley a, epi paske l ap investi pou ede potansyèl sa a devlope. Finansman sa a pral ede nourri ekonomi ti biznis nou an, sa k ap pote vil Rome lan ale nan pi wo nivo. Mwen atann pou m travay ak Gouvènè a pou nou fè avni ekonomik briyan Rome lan menm pi briyan ankò.”

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la, ale sou: <https://www.ny.gov/programs/downtown-revitalization-initiative>

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418